



Pou Piblikasyon Imedya: 22/05/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO LANSE DEZYÈM FAZ “NATURALIZENY” LA (NATURALIZE NEW YORK) POU EDE NOUYÒKÈ YO NAN PAKOU POU YO VIN SITWAYEN AMERIKEN**

***Inisyativ la Ap Egzante Frè Natiralizasyon an pou 1,500 Imigran ki Kalifye ki Gen Revni Fèb***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo te lanse “NaturalizeNY” – ki se premye patenarya piblik-prive konsa a pou ankouraje ak ede imigran ki kalifye nan Eta New York la yo nan pwosesis pou yo vin sitwayen Ameriken. Inisyativ la bay sipò global pandan pwosesis natiralizasyon an – avèk evalyasyon pou kalifikasyon, èd pou aplikasyon, preparasyon pou egzamen natiralizasyon gratis, epi nan dezyèm faz la, gen yon tiraj pou jiska 1,500 resi frè aplikasyon pou natiralizasyon pou imigran ki kalifye pou sitwayènte ki gen revni fèb yo. Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la (New York State Office for New Americans, ONA) an patenarya ak Fondasyon Robin Hood (Robin Hood Foundation), Kominote Fidisyè New York la (New York Community Trust), Inivèsite yo gen ladan Inivèsite Stanford (Stanford University), Inivèsite George Mason (George Mason University) ak SUNY Albany, ak lòt òganizasyon medyatik yo ap jere pwogram NaturalizeNY la.

“Se imigran yo ki ekri istwa New York la, yo soti toupatou nan mond lan pou yo vin chache yon meyè vi pou tèt yo ak pou fanmi yo antanke Nouyòkè”, **Gouvènè Cuomo te di**. “Nan move moman difisil sa yo, nou ap voye yon mesaj klè – nou akeyi ou nan fanmi New York la, kote nou konnen se divèsite nou ki fòs nou.”

Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la an patenarya ak Fondasyon Robin Hood, Kominote Fidisyè New York la, Inivèsite yo gen ladan Inivèsite Stanford, Inivèsite George Mason ak SUNY Albany, ak lòt òganizasyon medyatik yo ap jere pwogram NaturalizeNY la.

Gouvènè Cuomo te lanse NaturalizeNY an Jiyè ki sot pase a, epi pandan premye sis mwa yo, yo te ede plis pase 3,200 imigran Nouyòkè rive vin sitwayen Ameriken, ki gen ladan plis pase 2,250 imigran ki gen revni fèb. Avèk èd pwogram lan, imigran ki gen revni fèb yo ka ekonomize pri frè aplikasyon federal la. Pwogram lan gen ladan yon tiraj ki akòde resi pou peye frè aplikasyon pou natiralizasyon an yo. Prèske 960 imigran Nouyòkè te enskri pou premye faz tiraj la aleyatwa an 2016, epi yo te akòde 389 ladan yo yon resi pou peye frè yo epi yo te soumèt aplikasyon yo an bay gouvènman federal la an desanm ki sot pase a. Yo pral akòde jiska 1,500 resi nan Dezyèm faz pwogram

lan.

Nan dezyèm faz la, pwogram la pral kontinye founi resous pou ede anpil milye plis sitwayen Nouyòkè ki kalifye yo, yo ka enskri nan pwogram lan sou [www.NaturalizeNY.org](http://www.NaturalizeNY.org).

“New York reprezante yon tè opòtinite ak enklizyon pou tout moun ki vin fè pati fanmi nou an, devlope ekonomi nou an epi ede anrichi lavi kilti gran eta a”, **Sekretè Deta New York la Rossana Rosado te di**. “Repons enkwayab NaturalizeNY la ane pase a te sèvi kòm yon testaman istwa imigrasyon rich eta nou an ki toujou egziste jiska jounen jodi a, pi solid pase jamè. New York pral kontinye tradisyon fyè pou nou akeyi sila yo ki vini isit la pou vin chache atenn Rèv Ameriken an (American Dream).”

NaturalizeNY bay sipò global pandan pwosesis natiralizasyon an, ki gen ladan evalyasyon pou elijibilite, èd pou ranpli aplikasyon, preparasyon pou egzamen natiralizasyon an gratis, ak asistans pou egzansyon frè aplikasyon federal la. NaturalizeNY ap bay yon ranfò nan ekonomi eta a tou anplis l ap ogmante opòtinite pou Moun New York yo.

Yon etid Urban Institute te fè an 2015 lan te jwenn ke, an mwayèn, gen yon ogmantasyon 8.9 pousan nan revni yo pou imigran ki vin sitwayen Ameriken yo. Ogmantasyon salè yo fè yo peye taks ki pi elve epi diminye depandans yo sou èd piblik yo. Pou Vil New York, sa vle di si tout imigran yo vin sitwayen Ameriken, t ap gen yon ogmantasyon nan revni sou enpo 789 milyon dola, ansanm ak yon rediksyon nan èd gouvènman yo itilize yo, ki t ap bay yon randman 823 milyon dola nan benefis nèt.

### **Tiraj pou Aplikasyon pou Resi Frè a**

Daprè Biwo Resansman Ameriken an, genyen 915,000 moun nan Eta New York la ki genyen yon kat rezidans epi ki kalifye pou sitwayènte, ki gen ladan apeprè 654,720 moun nan Vil New York. Yon etid Urban Institute te fè an 2015 te jwenn youn nan rezon prensipal ki fè moun sa yo poko aplike pou yo vin sitwayen Ameriken gen rapò ak pri frè aplikasyon an koute a. Gen yon aplikasyon yo ka ranpli pou yo jwenn egzansyon frè federal la pou imigran ki gen revni fèb yo, men pou anpil nan aplikan potansyèl k ap travay sa yo ki touche revni ki twò wo pou yo kalifye pou egzansyon an, pri aplikasyon an pou yo vin sitwayen Ameriken an ka anpeche yo aplike. Pa egzanp, pou moun ki touche 35,000 dola pa ane yo, revni sa a twò wo pou yo kalifye pou egzansyon frè federal la, men lè yo kalkile pri aplikasyon pou yo vin sitwayen Ameriken an li apeprè egal valè salè yo pou yon semèn.

Pou sipòte jiska 1,500 aplikan potansyèl yo, Eta New York, Fondasyon Robin Hood la ak Kominote Fidisyè New York la ap envesti plis pase 1.25 milyon dola atravè resi èd pou peye frè aplikasyon an ki koute 725 dola. Patnè kanpay yo ap peye finansman an dirèkteman bay gouvènman federal la epi y ap kouvri tout depans pwosesis nasyonalizasyon an egzijè a nèt. Yo pral akòde resi yo daprè rezilta tiraj k ap fèt an Out la, epi pèsònèl k ap travay nan Biwo pou Nouvo Ameriken yo, SUNY Albany, Inivèsite Stanford ak Inivèsite George Mason yo ap jere yo.

Elijibilite ap depann de kantite moun ki gen nan fanmi an k ap viv nan kay la ak revni fanmi an. Aplikan potansyèl yo ka detèmine si yo kalifye pou yo vin sitwayen Ameriken

epi si yo kalifye pou tiraj la lè yo ale sou [www.NaturalizeNY.org](http://www.NaturalizeNY.org); gen plis enfòmasyon ki disponib lè yo rele Liy Asistans Nouvo Ameriken an (New Americans Hotline) nan [1-800-566-7636](tel:1-800-566-7636).

Yo estime gen 464,000 imigran Nouyòkè ki elijib pou yo resevwa egzansyon gouvènman federal la pou frè aplikasyon pou natiralizasyon an. Anpil nan yo pa konnen si yo elijib pou yo aplike gratis. Jiska prezan, NaturalizeNY te ede plis pase 2,250 moun jwenn aksè a yon egzansyon atravè despitaj pou elijibilite gratis pwogram nan ak asistans pou yo ranpli aplikasyon pou egzansyon frè a.

Egzansyon Frè Federal la disponib pou moun ki nan fanmi revni yo 150 pousan oswa mwens pase Gid Povrete Federal la (Federal Poverty Guidelines), alòske Tiraj NaturalizeNY la ouvri pou sila yo ki ant 150 pousan ak 300 pousan Gid Povrete Federal la.

**Monseyè Kevin Sullivan, ki se Direktè Egzekitif Catholic Charities la (Charite Katolik), Achidyosèz New York la te di,** “Non sèlman nou akeyi moun ki fenk vini yo chalerezman, men tou nou dwe chache entegre imigran ak refijye yo sensèman nan New York. Sa vle di founi opòtinite pou moun ki fenk vini an yo jwenn siksè yo te vin atenn nan peyi sa a. Sa ap ede tout Nouyòkè yo kòm imigran ki te kontribiye anpil nan enèji yo, talan yo ak vitalite yo pou rann New York rete lidè biznis, sivik ak kiltirèl menm jan li te toujou ye a. NaturalizeNY se yon lòt fason pou nou asire nou ofri imigran yo chans pou yo vin plis fè pati kominote nou yo epi kontinye fè kontribisyon anvè nouvo kay yo a.”

**Shawn Morehead, ki se direktè pwogram nan Kominote Fidisyè New York la, ak Veyom Bahl, direktè jeneral Robin Hood la, te di,** “NaturalizeNY ofri imigran travayè ki gen revni fèb yo yon opòtinite inik pou yo vin tounen Sitwayen epi atenn bon jan estabilite ekonomik. Nou fyè pou nou fè patenarya nan efò sa epi ouvri pòt pou kominote imigran yo simonte baryè finansye k ap anpeche pwosesis natiralizasyon yo.”

**José Calderón, ki se Prezidan Federasyon Ispanik lan (Hispanic Federation) te di,** “Travay k ap fèt nan kad pwogram NaturalizeNY la enpòtan anpil pou kominote nou an. Enpak li ak rezonans li menm plis enpòtan ankò kounye a etan done eta politik nan Washington D.C. Federasyon Ispanik lan kontan anpil pou nou yon lòt fwa ankò fè pati efò sa a epi nou pwofondeman rekonesan pou anganjman Gouvènè Cuomo ak Sekretè Deta Rosado te pran pou asire siksè pwogram lan. Nou atann pou nou kontinye travay depre avèk yo ak Biwo pou Nouvo Ameriken eta a pou nou pwoteje ak rekonfòte kominote imigran nou an.”

**Jo-Ann Yoo, ki se Direktè Egzekitif Federasyon Ameriken Azyatik la (Asian American Federation) te di,** “Nan sant ONA nou an, nou ap wè yon ogmantasyon dramatik nan demann Nouyòkè yo ap fè pou sèvis sitwayèn yo. Youn nan pi gwo obstak pou fanmi ki gen revni fèb yo ak sila k ap travay yo se pri elve frè aplikasyon an. Nou aplodi Gouvènè Cuomo ak kòlèg nou yo nan Biwo pou Nouvo Ameriken Eta New York la pakse yo kreye yon opòtinite pou omwen 1,500 Nouyòkè ki gen revni fèb vin sitwayen Ameriken, sa k ap retire youn nan baryè ki pi difisil pou anpil Nouyòkè travayè yo. Sèjousi lè yo ap difame moun ki fenk vini yo, nou apresye mezi vizyonè lidè nou yo ap pran pou yo asire sila yo ki chwazi New York kòm lakay yo santi yo byen akeyi yo

epi yo bay yo valè.”

**Allan Wernick, ki se Dirèktè CUNY Citizenship Now!, te di:** “CUNY Citizenship Now! (Sitwayènte CUNY Kounye a) kontan pou l sipòte epi patisipe nan inisyativ NaturalizeNY lan nan dezyèm ane li! Antanke pwogram sèvis legal sitwayènte ak imigrasyon ki baze nan inivèsite ki pi laj nan peyi a, k ap ede plizyè milye Nouyòkè, gen yon bezwen kwasan pou sèvis aplikasyon pou sitwayènte. Citizenship Now! ak anpil milye volontè nou yo ap tann pou yo fè patenarya ak Biwo pou Nouvo Ameriken New York yo pou ede imigran New York yo simonte baryè ki anpeche yo atenn sitwayènte Ameriken yo.”

### **Konstwi sou Efò Dirijan New York yo**

Inisyativ NaturalizeNY la fè pati efò Gouvènè Cuomo ap fè pou ede imigran ak popilasyon minoritè yo pou yo patisipe antyèman nan lavi sivik ak ekonomik New York la.

Nan ane 2011, nan premye ane li nan pòs sa, Gouvènè Cuomo te pibliye yon 26<sup>e</sup> Dekrè Egzekitif ki egzije pou ajans eta ki bay sèvis piblik dirèk yo ofri sèvis tradiksyon ak entèpretasyon gratis pou manm piblik ki nan fòm vital ak enstriksyon yo. Anba lidèchip Gouvènè Cuomo Eta New York te:

- Li te Etabli Biwo Eta New York pou Nouvo Ameriken yo – ki se premye biwo onivo eta a pou imigran nan peyi a, yo te kreye atravè lwa yo te pwomilge – pou ede moun ki fenk vini nan Eta a yo ki pa ka tann pou yo kontribiye nan ekonomi nou an epi vin fè pati fanmi New York la.
- Lanse yon inisyativ konplè pou pwoteje imigran ki fè fwod ki gen rapò ak imigrasyon ki enkli lejislasyon ki siyen ki fè l vin yon krim lè w komèt yon fwod nan sèvis èd pou imigran.

Pi resamman, Gouvènè Cuomo te lanse yon Fòs Entèvansyon pou Mete Fen nan Eksplwatasyon Travayè yo ak Ranfòsman Fòs Entèvansyon pou Sektè Salon Maniki a pou asire yo trete travayè yo nan fason ki jis e pou pwopriyetè yo ka konprann dwa ak responsablite pi byen.

### **Fason pou Vin yon Sitwayen Ameriken**

Gouvènman federal la akòde sitwayènte a imigran ki gen sitiwayon legal sèlman lè moun nan reponn a kondisyon Kongrè a etabli yo. Pwosesis pou vin yon sitwayen yo rele natiralizasyon an, enkli jeneralman yon aplikasyon ki long pou gouvènman federal la soumèt anprent dijital pou Biwo Envestigasyon Federal la (Federal Bureau of Investigation) itilize pou verifye antesedan kriminèl, pase yon egzamen lang ak sivik epi pase yon entèvyou ak yon ofisye imigrasyon federal. Apre pwosesis sa, yon imigran pa ko sitwayen Ameriken jiskaskè l fè Sèman Fidelite a nan yon seremoni sitwayènte.

###

W'ap jwenn lòt nouvèl ki disponib sou sitwèb [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Ekzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418